

BILTEN ENFÒMASYON SOU VAKSEN

Vaksen konjige anti-nemokoksik: Sa Ou Dwe Konnen

Many vaccine information statements are available in Haitian Creole and other languages. See www.immunize.org/vis

Anpil Bilten Enfòmasyon sou Vaksen yo disponib nan lang Kreyòl Ayisyen ak nan lòt lang. Ale sou sitwèb www.immunize.org/vis

1. Pou kisa pou mwen vaksinen?

Vaksen konjige anti-nemokoksik ka anpeche maladi nemokoksik.

Maladi nemokoksik vle di tout maladi bakteri nemokòk la lakòz. Bakteri sa yo kapab lakòz anpil kalite maladi, sa gen ladan:

- Nemoni (enfeksyon nan poumon yo)
- Enfeksyon nan zòrèy
- Enfeksyon nan sinis
- Menenjit (enfeksyon tisi ki kouvri sèvo a ak mwèl epinyè a)
- Bakteryemi (enfeksyon sikilasyon san)

Nenpòt moun ka trape maladi nemokoksik, men jenn timoun yo, granmoun aje, ak moun ki gen sèten faktè risk gen pi gwo risk.

Pifò enfeksyon nemokoksik yo lejè. Men, kèk nan yo ka lakòz pwoblèm ki dire lontan, tankou domaj nan sèvo oswa pèt kapasite pou tande. Menenjit, bakteryemi, ak nemoni maladi nemokoksik kapab lakòz ou abouti nan lanmò.

2. Vaksen konjige anti-nemokoksik

Vaksen konjige anti-nemokoksik la ede pwoteje kont bakteri ki lakòz maladi nemokoksik. Genyen plizyè vaksen konjige anti-nemokoksik (PCV yo). PCV byen presi a ak kantite dòz ki rekòmande yo baze sou laj yon moun, istwa vaksinasyon li, ak eta sante li. Founisè swen sante ou a kapab ede w detèmine ki kalite PCV, ak konbyen dòz ou ta dwe resevwa.

- **Tibebe ak jenn timoun yo** anjeneral bezwen 4 dòz PCV. Yo rekòmande dòz sa yo nan laj 2, 4, 6, epi 12–15 mwa.
- Sèten **timoun ki pi gran ak adolesan** ki pa te resevwa dòz rekòmande yo lè yo te tibebe oswa lè yo te jenn timoun bezwen PCV. Sa depan de laj ak pwoblèm medikal, oswa lòt faktè risk.

- **Granmoun laj ant 19 ak 49 lane** ki pa te resevwa PCV epi ki gen sèten pwoblèm medikal oswa lòt faktè risk ta dwe resevwa PCV. Li ta ka rekòmande pou kèk granmoun nan gwoup sa a ki te deja resevwa PCV resevwa yon lòt dòz.
- **Granmoun nan laj 50 lane oswa plis** ki pa te resevwa PCV anvan sa ta dwe resevwa yon vaksen PCV. Li ta ka rekòmande pou kèk granmoun nan gwoup sa a ki te deja resevwa PCV resevwa yon lòt dòz.

3. Pale avèk founisè swen sante ou

Fè founisè vaksinasyon ou an konnen si moun k ap pran vaksen an:

- Te gen yon **reyaksyon alèjik apre yon dòz anvan sa ak nenpòt tip PCV, oswa ak nenpòt vaksen ki gen nan yo anatoksin diferik** (pa egzanzp, DTaP), oswa ki gen **nenpòt alèji grav, ki mete lavi an danje.**

Nan kèk ka, founisè swen sante ou a gendwa deside ranvwaye PCV an jiska yon pwochen vizit.

Moun ki gen ti maladi, tankou rim, ka pran vaksen an. Moun ki malad yon fason modere oswa yon fason grav dwe òdinèman rete tann jiskaske yo refè.

Founisè swen sante w la kapab ba ou plis enfòmasyon.



U.S. CENTERS FOR DISEASE
CONTROL AND PREVENTION

4. Risk pou yon reyaksyon ak vaksen an

- Woujè, anflamasyon, doule, oswa sansibilite nan kote yo bay piki a; lafyè, pèt apeti, chimerik (iritabilite); fatig; maltèt; doule nan misk; doule nan jwenti; oswa frison ka rive apre vaksinasyon konjige kont nemokòk.

Jenn timoun yo ka gen plis risk pou kriz akòz lafyè la apre yon PCV si yo bay li an menm tan ak vaksen kont grip inaktive a. Mande founisè swen sante w plis enfòmasyon.

Pafwa moun endispoze apre pwosedi medikal, apre yon vaksen tou. Fè founisè swen ou konnen si ou santi toudisman, oswa ou gen chanjman nan vizyon oswa si zòrèy ou ap boudonnen.

Menm jan avèk nenpòt medikaman, gen yon chans ki piti anpil pou yon vaksen lakòz yon reyaksyon alèjik grav, lòt chòk grav oswa lanmò.

5. E si gen yon pwoblèm grav?

Yon reyaksyon alèjik ka rive apre moun ki pran vaksen an kite klinik la. Si ou wè siy yon reyaksyon alèjik grav (itikè, anflamasyon nan figi ak gòj, difikilte pou respire, yon batman kè rapid, vètij oswa feblès) rele **9-1-1** ak mennen moun lan nan lopital ki pi pre a.

Pou lòt siy ki enkyete ou, rele founisè swen sante ou.

Yo dwe rapòte reyaksyon negatif yo nan Vaccine Adverse Event Reporting System, VAERS (Sistèm Rapò sou Efè Endezirab Vaksen). Òdinèman, founisè swen sante ou ap fè rapò sa a, oswa ou ka fè li oumenm. Ale sou sitwèb VAERS la nan www.vaers.hhs.gov oswa rele nan **1-800-822-7967**. *VAERS se pou rapòte reyaksyon yo sèlman, epi manm pèsònèl VAERS yo pa bay konsèy medikal.*

6. National Vaccine Injury Compensation Program

National Vaccine Injury Compensation Program, VICP (Pwogram Nasyonal Konpansasyon pou Chòk nan pran Vaksen) se yon pwogram federal yo te kreye pou konpanse moun ki te pran chòk akòz sèten vaksen. Reklamasyon konsènan swadizan blesi oswa lanmò akòz vaksinasyon gen yon delè pou depoze yo, ki ka kout tankou dezan. Ale sou sitwèb VICP an nan www.hrsa.gov/vaccinecompensation oswa rele nan **1-800-338-2382** pou jwenn enfòmasyon sou pwogram lan ak pou depoze yon reklamasyon.

7. Kijan mwen ka jwenn plis enfòmasyon?

- Mande founisè swen sante ou.
- Rele depatman sante lokal ou oswa depatman sante eta kote w ap viv la.
- Vizite sit entènèt Food and Drug Administration, FDA (Ajans pou Kontwòl Manje ak Medikaman) pou jwenn avi ki vini ak vaksen yo ak enfòmasyon anplis nan www.fda.gov/vaccines-blood-biologics/vaccines.
- Kontakte Centers for Disease Control and Prevention, CDC (Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi):
 - Rele **1-800-232-4636 (1-800-CDC-INFO)** oswa
 - Ale sou sitwèb CDC nan www.cdc.gov/vaccines.

